

## **BAB III**

### **MÉTODE PANALUNGTIKAN**


#### **3.1 Méthode Panalungtikan**

Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 203) Méthode panalungtikan nyaéta cara pikeun ngumpulkeun data tina panalungtikan. Luyu jeung pamadegan (Sugiyono, 2012, kc. 3) nétélakun yén méthode panalungtikan nyaéta cara panalungtik dina ngumpulkeun data. Cindekna méthode panalungtikan nyaéta salasahiji cara anu digunakeun ku panalungtik dina prosés matotoskeun masalah panalungtikan.

Saupama ditilik tina wandana, ieu panalungtikan téh kaasup kana panalungtikan kualitatif. Méthode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta méthode déskriptif analitis. Méthode déskriptif analitik mangrupa cara pikeun ngadéskripsikeun fakta-fakta anu ditalungtik (Ratna, 2013, kc. 34). Méthode ieu dianggap luyu nalika digunakeun pikeun ngadéskripsikeun fakta-fakta anu aya dina novél tuluy dianalisis datana ngeunaan unsur strukturalisme anu nyakup téma, fakta carita, jeung sarana sastra. Lianti éta, ieu panalungtikan, ngadéskripsikeun ogé unsur psikologi sastra David Krech ngeunaan tiori klasifikasi émosi nu nyampak dina novél *Si Bedog Panjang* karya Ki Umbara salaku objék panalungtikan.

#### **3.2 Desain Panalungtikan**

Désain panalungtikan diperlukeun salaku gambaran umum dina panalungtikan nu baris ditalungtik. Desain panalungtikan mangrupa rarancang awal dina prosés panalungtikan (Arikunto, 2013, kc. 90). Désain ieu panalungtikan diébréhkeun dina bagan 3.1.



**Bagan 3. 1 Desain Panalungtikan**

### 3.3 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

#### 3.3.1 Data Panalungtikan


Data dina ieu panalungtikan nyaéta struktur jeung unsur psikologi tokoh nu aya dina novél *Si Bedog Panjang* karya Ki Umbara. Dina ieu panalungtikan téh diaguar data unsur instrinsik nu ngawengku téma, fakta carita (galur, palaku jeung panokohan, jeung latar), jeung sarana carita (judul, puseur implengan, jeung gaya basa). Saterusna diguar data psikologi sastra tina éta novél dumasar tiori klasifikasi émosi David Krech nu ngawengku *konsép Rasa Bersalah, Rasa bersalah yang dipendam, menghukum diri sendiri, rasa malu, kesedihan, kebencian, jeung cinta.*

#### 3.3.2 Sumber Data

Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 172) nu dimaksud sumber data nyaéta subjék ti mana éta data bisa dicangking. Luyu jeung éta pamanggih, dina ieu panalungtikan sumber datana mangrupa dokumentasi tinulis dina wangun novél anu judulna *Si Bedog Panjang* karya Ki Umbara.

##### 3.3.2.1 Idéntitas Buku

Judul	: Si Bedog Panjang
Pangarang	: Ki Umbara
Pamedal	: Kiblat Buku Utama
Citakan/taun medal	: Citakan II/2020
Jumlah Kaca	: 88 Kaca



Gambar 3. 1 Sampul Novél

##### 3.3.2.2 Biografi Singget Pangarang

Ki Umbara (ngaran sabenerna nya éta Wiredja Ranusulaksana) nya éta sastrawan Sunda anu lahir di Kuningan, ping 10 Juli taun 1914. Ki Umbara pernah jadi diréktur *manglé* (ti 1963) jeung *Pélét* (1965-1967). Ki Umbara sok ngarang ti jaman saméméh perang nalika sakola di Serang. Karangan-karangana geus réa sumebar di tatar Sunda tur dipidangkeun dina majalah *Parahiangan, Timbangan, Warga, Majalah Sunda, Langen Sari, Manglé*, jrrd. Salaku tokoh panulis karya sastra Sunda, Ki Umbara ogé pernah meunang hadiah sastra ti Majalah *Manglé* sarta meunang hadian ti IKAPI Jawa Barat taun 1967. Salianti éta kungsi nyieun naskah sandiwara pikeun TVRI.

Rizal Fauzi, 2023

EMOSI TOKOH DINA NOVEL SI BEDOG PANJANG KARYA KI UMBARA

(Ulukan Struktural jeung Psikologi Sastra)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Ki Umbara kawéntar jadi pangarang nu parigel dina ngagambarkeun suasana batin urang Sunda katut kaayaan budaya Sunda jaman harita. Katitén dina karya sastrana loba nyokot téma hal-hal goib saperti *Burak Siluman*, *Munjung*, jrrd. Salianti éta, Ki Umbara oge tapis dina ngarang karya sastra anu jangreuna detéktip saperti novél *Si Bedog Panjang*.

### **3.4 Téhnik Ngumpulkeun jeung Ngolah Data**

Aya dua téhnik dina nyangking data panalungtikan nyaéta téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data.

#### **3.4.1 Téhnik Ngumpulkeun Data**

Data dina ieu panalungtikan dikumpulkeun ku dua cara nya éta talaah pustaka jeung téhnik studi dokuméntasi. Tehnik talaah pustaka dipaké pikeun nalaah sajumlahning tiori anu aya patalina jeung panalungtikan, sedengkeun téhnik studi dokuméntasi dipaké pikeun maluruh informasi tinulis saloba-lobana nu kaasup kana wanda tulisan ilmiah saperti buku, jurnal, skripsi, jeung sajabana.

Léngkah-léngkah dina ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan téh nyaéta:

- 1) Maca buku nu aya patalina jeung tiori strukturalisme sarta klasifikasi émosi;
- 2) Nangtukeun sumber data, nyaéta novél *Si Bedog Panjang* karya Ki Umbara;
- 3) Maca sagemblengna novél *Si Bedog Panjang* karya Ki Umbara;

#### **3.4.2 Téhnik Ngolah Data**

Sabada data kakumpul, tuluy data diolah maké téhnik déskriptif analitik pikeun meunangkeun jawaban tina masalah anu ditalungtik, sakumaha anu ditétélakeun ku Ari Kunto (2013, kc. 281) yén téhnik ngolah data téh nyaéta hasil analisis anu dicangking ku cara maké rumus-rumus atawa aturan-aturan anu lumaku, luyu jeung pamarekan panalungtikan nu dipaké. Anapon analisis dina sumber data téh nyaéta analisis struktur carita dina novél *Si Bedog Panjang* jeung analisis klasifikasi émosi palaku dina novél. Léngkah-léngkah dina nganalisis data baris dipedar di handap.

##### **1) Téhnik Analisis Struktur Carita Novél *Si Bedog Panjang***

Analisis nu munggaran dina panalungtikan ieu téh nyaéta analisis struktur carita novél *Si Bedog Panjang* kara Ki Umbara. Analisis struktur novélina maké téori strukturalisme Robert Stanton, anu ngawengku:

- a) téma novél *Si Bedog Panjang*;
- b) fakta carita novél *Si Bedog Panjang* (galur, palaku, watek atawa panokohan, jeung latar); jeung
- c) sarana carita novél *Si Bedog Panjang* (judul, puser implengan atawa *point of view*, jeung gaya basa)

## 2) **Téhnik Analisis Klasifikasi Emosi Palaku Novél *Si Bedog Panjang*.**

Analisis satuluyna dina ieu panalungtikan téh nyaéta analisis klasifikasi émosi palaku dina novél *Si Bedog Panjang* maké tiori David Krech. Dina tiori ieu, sacara gurat badag klasifikasi émosi téh dibagi jadi tujuh nyaéta:

- a) *konsép Rasa Bersalah*;
- b) *rasa bersalah yang dipendam*;
- c) *menghukum diri sendiri*;
- d) *rasa malu*;
- e) *kesedihan*;
- f) *kebencian*; jeung
- g) *cinta*.

### 3.5 Instrumen Panalungtikan

Instrumén mangrupa alat anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina hiji panalungtikan. Luyu jeung wangenan Arikunto (2013:203) yén instrumén panalungtikan nya éta alat atawa fasilitas anu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data sangkan leuwih gampang jeung hasilna leuwih hadé. Instrumén anu remen digunakeun dina panalungtikan nya éta angkét, observasi (langsung, teu langsung, partisipatif), lembar tés, jeung kartu data (Sudjana, 2015:58). Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta tabél talaah dokuméntasi jeung kartu data. Kartu data nu dipaké mangrupa sempalan carita atawa kalimah anu nuduhkeun kana struktur carita jeung klasifikasi émosi tokoh dina novél *Si Bedog Panjang*.

#### 3.5.1 Intrumen Ngumpulkeun Data

Instrumen ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta ngumpulkeun cutatan-cutatan nu aya dina novél *Si Bedog Panjang*, patali jeung struktur carita sarta klasifikasi émosi.

**Tabél 3. 1 Instrumén Tabél Struktur Carita jeung Klasifikasi Émosi Palaku**

No.	Struktur Carita	Cutatan
1.	Téma	
2.	Fakta Carita:	
	a) Galur	
	b) Palaku jeung Watek (Panokohan)	
	c) Latar:	
	1. Latar Tempat	
	2. Latar Waktu	
	3. Latar Sosial	
3.	Sarana Carita:	
	a) Judul	
	b) Puseur Implengan	
	c) Gaya Basa	
4.	Klasifikasi Émosi Tokoh:	
	a) <i>konsép rasa bersalah</i>	
	b) <i>rasa bersalah yang dipendam</i>	
	c) <i>menghukum diri sendiri</i>	
	d) <i>rasa malu</i>	
	e) <i>kesedihan</i>	
	f) <i>kebencian</i>	
	g) <i>cinta</i>	

### 3.5.2 Instrumén Ngolah Data

#### 1) Kartu Data Struktur Carita

<p><b>Kartu Data Téma</b></p> <p><b>Patalina Cepuk, Mang Murnasim jeung Si Bedog Panjang</b></p> <p><b>Cutatan:</b></p> <p><i>"Tingali, yeuh!" ceuk Yunus bari ngaluarkeun dus tina saku calanana. Éta dus téh ditalian ku rami, dina cangreudna di-lak.</i></p> <p><i>"Naon tatéh, Kang?"</i></p> <p><i>"Eusi cepuk téa!"</i></p> <p><i>"Ayi anu disumpah mah, da Akang mah teu rumasa geus disumpah, numawi wani muka ogé."</i></p> <p style="text-align: right;"><i>(Si Bedog Panjang, kc. 60)</i></p> <p><b>Analisis:</b></p> <p>Éta di luhur mangrupa kajadian waktu Yunus ngaluarkeun dus tina sakuna.</p>
--

**Gambar 3. 2 Conto Kartu Data Téma**

<p><b>Kartu Data Galur</b></p> <p><b>Denoument</b></p> <p><b>Cutatan:</b></p> <p><i>"Ayeuna ...," ceuk Sunarya deui, "kanggo pamulang tarima abdi ka Emang sareng ka Kang Winarya, saksi ku Akang duaan," omongna ka Yunus ka Cécé, "éta barang- barang téh ku abdi badé di bagi dua, saparo kanggo abdi saparona deui kanggo Emang sareng Kang Winarya."</i></p> <p style="text-align: right;"><i>(Si Bedog panjang, kc. 86)</i></p> <p><b>Analisis:</b></p> <p>Kajadian ieu katitén waktu Sunarya ngabagikeun warisan titinggal indungna dumasar kana kahayangna.</p>
---

**Gambar 3. 3 Conto Kartu Data Galu**

<p><b>Kartu Data Palaku/Watek</b></p> <p><b>Sunarya/Nyaahan</b></p> <p><b>Cutatan:</b></p> <p><i>"Abdi nyuhunkeun ka Emang, ... manawi Emang kersa ngangken Kang Winarya, sapertos Emang ngangken abdi."</i></p> <p style="text-align: right;"><i>(Si Bedog Panjang, kc. 85)</i></p> <p><b>Analisis:</b></p> <p>Di luhur mangrupa sempalan dialog Sunarya ka Mang Murnasim anu ngagambarkeun Sunarya téh miboga watek nyaahan. Éta kajadian téh kagambar dina bagian nguruskeun warisan.</p>
--

**Gambar 3. 4 Conto Kartu Data Palaku/Watek**

**Kartu Data Latar Tempat**

**Balé Rékréasi**

Cutatan:  
*“Ari dina hiji mangsa Yunus hariweusweus néangan sobatna, néangan Cécé. Harita téh malem Minggu. Kapanggih Cécé téh keur ngabuih baé nyarita di balé rékréasi bari pepeta, ditaranggap ku babaturanana. ...”*  
 (Si Bedog Panjang, kc. 17)

Analisis:  
 Ieu kalimah nuduhkeun tempat kajadian di balé rékréasi waktu Yunus néangan Cécé di asrama.

**Gambar 3. 5 Conto Kartu Data Latar**

**Kartu Data Judul**

*Si Bedog Panjang*

Cutatan:  
*“Heeh. Teu nyana, horéng jelema hadé **Si Bedog Panjang** téh. Matak nineung!”*  
*témbalna bari tungkul. “*  
 (Si Bedog Panjang, kc. 87)

Analisis:  
 Dina cutatan di luhur katitén eusi carita luyu jeung judul novél *Si Bedog Panjang*.

**Gambar 3. 6 Conto Kartu Data Judul**

**Kartu Data Puseur Implengan**

**Jalma katilu**

Cutatan:  
*“Yunus jeung Cécé arolohok kagéteun. Brek maranéhna dariuk ngahapit éta budak, Yunus kéncaean, Cécé katuhueunana.”*  
 (Si Bedog Panjang, kc. 9)

Analisis:  
 Dina cutatan di luhur pangarang ngagambarkeun sakabéh karakter nu aya dina novél sarta ngaposisikeun diri salaku jalma katilu. Jalma katilu didieu sagala apal kana unggal kajadian-kajadian anu dilalakon ku palaku-palakuna, sarta teu ngagunakeun gaganti jalma.

**Gambar 3. 7 Conto Kartu Data Puseur Implengan**



**Kartu Data Gaya Basa**

**Rarahulan (*Hiperbola*)**

**Cutatan:**  
 “Angin peuting tingselesepe tina sela-sela bilik, mawa tiis mungguh nyecep. Cempor kalucas-kalices.”  
 (Si Bedog Panjang, kc, 32)

**Analisis:**  
 Dina cutatan di luhur ngagambarkeun gaya basa rarahulan. Éta kajadian waktu Sunarya, Yunus, jeung Cécé waktu pakansi ka Lémbang

**Gambar 3. 8 Conto Kartu Data Gaya Basa**

## 2) Kartu Data Kalsifikasi Émosi

**Kartu Data *Konsep Rasa Bersalah***

**Sunarya**

**Cutatan:**  
 "Mangkaning abdi parantos disumpah ku Kang Winarya teu meunang wani-wani muka."  
 (Si Bedog Panjang, kc. 60)

**Analisis:**  
 Dina cutatan di luhur mangrupa émosi *Konsep Rasa Bersalah*. Katitén dina omongan Sunarya, yén manéhna téh ngarasa salah, sabab Yunus muka eusi cepuk titipan ti lanceukna nyaéta Winarya. Padahal manéhna téh geus beunang sumpah ku Winarya sangkan ulah wani-wani muka eusi cepuk titipan ti bapana.

**Gambar 3. 9 Conto Kartu Data**

### ***Konsep Rasa Bersalah***

**Kartu Data *Rasa Bersalah yang Dipendam***

**Sunarya**

**Cutatan:**  
 "Wi-nar-ya," témbalna lalaunan."  
 (Si Bedog Panjang, kc. 14)

**Analisis:**  
 Cutatan di luhur kaasup kana émosi *rasa bersalah yang dipendam*, Winarya ngajawab patalékan ti Juragan Sunda ku sora anu lalaunan, sabab manéhna ngarasa salah dina haténa geus ngawadul ka Juragan Sunda, yén Winarya téh lain ngaran asli manéhna.

**Gambar 3. 10 Conto Kartu Data**

### ***Rasa Bersalah yang Dipendam***

**Kartu Data *Menghukum Diri Sendiri***

**Sunarya**  
 Cutatan:  
 "Sieun... kabi-tur," témbalna méh teu kadéngné, "margi ...," jep teu kebat."  
 (Si Bedog Panjang, kc. 10)

**Analisis:**  
 Cutatan di luhur téh kaasup kana émosi *menghukum diri sendiri*, lantaran omongan Sunarya nu ngahukum dirina ku sieun rasiahna kabuka nalika sakola.

**Gambar 3. 11 Conto Kartu Data  
Menghukum Diri Sendiri**

**Kartu Data *Rasa Malu***

**Mang Murnasim**  
 Cutatan:  
 "Mang Murnasim seuri mawur."  
 (Si Bedog Panjang, kc. 78)

**Analisis:**  
 Dina cutatan di luhur mangrupa émosi *rasa malu* anu aya dina diri Mang Murnasim, lantaran manéhna kapanggih nukeurkeun tingkem waktu di karéta. Katitén dina seurina anu mawur.

**Gambar 3. 12 Conto Kartu Data  
*Rasa Malu***

**Kartu Data *Kesedihan***

**Sunarya**  
 Cutatan:  
 "Reup beungeut "Winarya" reueuk, tuluy tungkul rambisak. Pokna lalaunan, "Teu aya, parantos pupus."  
 (Si Bedog Panjang, kc. 28)

**Analisis:**  
 Dina cutatan di luhur mangrupa émosi *kesedihan* anu aya dina diri Sunarya, lantaran nyaritakeun indungna geus maot.

**Gambar 3. 13 Conto Kartu Data *Kesedihan***

**Kartu Data Kebencian**

**Yunus**

**Cutatan:**  
 "Atuh puguh teu téga mah, teu téga boga sobat ... jalir jangji!"  
(Si Bedog Panjang, kc. 88-87)

**Analisis:**  
 Dina cutatan di luhur mangrupa émosi kebencian nu aya dina diri Yunus, lantaran Cécé jalir jangji ka Yunus ngeunaan tarohan endog. Saupama Mang Murnasim téh lain Si Bedog Panjang, dina jero saminggu endog anu Yunus kudu di ka Cécékeun, kitu ogé sabalikna.

**Gambar 3. 14 Conto Kartu Data Kebencian**

**Kartu Data Cinta**

**Yunus**

**Cutatan:**  
 "Tah ayeuna," ceuk Yunus, "Ayi "Winarya" ulah lésot tina panalinga urang, sabab mun urang cileureun, kapo- osan."  
(Si Bedog Panjang, kc. 20)

**Analisis:**  
 Dina cutatan di luhur mangrupa émosi *cinta* anu aya dina diri Yunus, lantaran Yunus badami jeung Cécé moal lésot panalinga ti Sunarya, sabab aya niat jahat ti Si Bedog Panjang ka Sunarya.

**Gambar 3. 15 Conto Kartu Data Cinta**